INSTITUTE OF CIVILIZATION
ANO EDUCATIONAL ORGANIZATION

ИНСТИТУТ ЦИВИЛИЗАЦИИ
АВТОНОМНАЯ НЕКОММЕРЧЕСКАЯ
ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ОРГАНИЗАЦИЯ

362003, Российская Федерация, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, ул. Гастелло, 79
тел./факс: (8672) 52-82-70; e-mail: inci2001@inci.ru; сайт: www.inci.ru

РАССМОТРЕН
Методическим
Объединением
учителей
__________Рамонова Ф.Г.
Протокол №1
от «30» 08 2023г.

СОГЛАСОВАНО
Заместитель
Директора по УР
__________
Бизюкина Т.А.
« 31» 08 2023 г.

УТВЕРЖДЕНО
Директор
__________
Касаева Э.Е.
Приказ №34 от
«31» 08 2023 г.

# Программа и календарно-тематическое планирование по осетинскому языку

для обучающихся 9 класса

Учитель: *Рамонова Алина Владимировна*

2023-2024 учебный год

**Владикавказ, 2023 год**

## Ныстуан ахуырадон программæмæ ирон æвзагæй 9 къласы

***Предметы актуалондзинад***

Æвзаг у адæмы уд æмæ зонд: цалынмæ æвзаг цæра, уæдмæ цæрынц адæм дæр, рæзы æмæ фидар кæны сæ национ културæ, сæ национ хиæмбарынад.

**Ирон æвзаг** у нæ республикæйы паддзахадон æвзæгтæй иу, ирон адæмы мадæлон æвзаг. Куыд уырыссаг, афтæ ирон æвзаг дæр у **филологон циклы** иу хай æмæ рæзын кæны скъоладзауы коммуникативон културæ, æххуыс ын кæны йæ ныхасы рæзтæн, уæрæх ын кæны йæ дунембарынад, хъомыл æй кæны нæ адæмы хуыздæр традицитæ æмæ æгъдæуттыл. Ирон æвзаг ахуыр кæнын, уымæй, куыд æмбæлы, афтæ пайда кæнын у стыр ахъаз фæсивæды патриотизмыл хъомыл кæнын, фидæны æхсæнад аразджытæ цæттæ кæныны хъуыддаджы. Мадæлон æвзаг зонын у нæ културæйы ахсджиагдæр фæрæзтæй иу.

***Ирон æвзаг ахуыр кæныны нысантæ:***

- ахуырдзаутæн æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ раттын; бацамонын, алы адæмæн дæр йе æвзаг йæ национ хæзна кæй у, хъахъхъæнын æй кæй хъæуы;

-ахуырдзауты дзырдуат æмæ грамматикон зонындзинæдтæ фæхъæздыгдæр кæныныл бакусын;

-дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл бакусын, скъоладзауты коммуникативон арæхстдзинæдтæ æмæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын;

-литературон æвзаджы нормæтимæ базонгæ кæнын, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæныныл ахуыр кæнын.

***Ирон æвзаджы 9 къласы ахуырадон программæ арæзт у:***

- Уæрæсейы Федерацийы закъон «Ахуырады тыххæй»;

- Ног ахуырадон стандарттæ;

- Цæгат Ирыстон-Аланийы модернизацийы комплексон проект;

- Ирон национ ахуырады концепци ;

- Приоритетон национ проект «Нæ ног скъола»;

- Республикон программæ «Ирон æвзаг æмæ литературæ 1-11 кълæстæн»; йæ автортæ: **Тахъазты Харум, Дзампарты Ларисæ, Дзодзыккаты Зæидæ, Цопанты Ритæ**. Программæ сфидар кодта Республикæ Цæгат Ирыстоны – Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад.

- «Ирон æвзаг» 9 къалс. Автор: **Тахъазты Харум. Дзæуджыхъæу. 2014.**

Регианалон базисон ахуырадон пъланмæ гæсгæ ирон æвзаг ахуыр кæнынæн 9 къласы дихгонд **68 сахаты** афæдзмæ, къуыримæ та - **2** сахаты.

***Программæмæ гæсгæ мадæлон æвзаг ахуыр кæныны фæстиуджытæ сты ахæмтæ:***

***Удгоймагон (личностные) фæстиуджытæ:***

1) скъоладзау хъуамæ бамбара, ирон æвзаг ирон адæмы национ-культурон хæзна кæй у, уый; мадæлон æвзаджы ахадындзинад стыр кæй у адæймаджы интеллектуалон æмæ сфæлдыстадон гæнæнтæ райрæзынæн, удварн хъæздыгдæр кæнынæн;

2) бамбарын ирон æвзаджы эстетикон нысаниуæг; рæзын кæнын мадæлон æвзагæн аргъ кæнын, хи æвзагæй сæрыстыр уæвыны æнкъарæнтæ; ирон æвзаг ирон адæмы стырдæр хæзнатæй иу кæй у, уый бамбарын; æвзаджы сыгъдæгдзинад æмæ культурæмæ бæрнон цæстæй кæсын фæцалх уæвын;

3) ныхас кæнгæйæ, ирон æвзаджы дзырдуат æмæ грамматикон мадзæлттæй раст пайда кæнын; хи ныхасмæ хъус дарын.

***Метапредметон фæстиуджытæ сты:***

• ныхасы хуызтæй пайда кæнынмæ арæхсын: хорз æмбарын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы мидис (ныхасы сæр, тексты темæ, сæйраг хъуыды; сæйраг æмæ уæлæмхасæн информаци);

• стилистикон æгъдауæй æмæ сæ жанртæм гæсгæ алыхуызон чи у, ахæм текстæ кæсын зонын (æвзаргæ каст, æмбаргæ каст æмæ æнд.);

• бакаст æрмæгæй (Интернетæй, дзыллон информацион фæрæзтæй, ахуырадон компакт-дисктæй) хъæугæ информаци равзарын зонын, алыхуызон дзырдуæттæй пайда кæнынмæ арæхсын;

• арæхсын темæмæ гæсгæ æрмæг сæмбырд кæнынмæ, раст фæткыл æй равæрынмæ; хибарæй хъæугæ информаци ссарынмæ;

• алыхуызон текстты мидис кæрæдзиуыл барын, сæ стилистикон æмæ æвзаджы хицæндзинæдтæ иртасын;

• текст хи ныхæстæй радзурынмæ, текстæн пълан бацæттæ кæнынмæ, конспект ныффыссынмæ, аннотаци бацæттæ кæнынмæ;

• ныхасы уавæрмæ гæсгæ аразын, сæ функционалон хуызтæ, стилистикон ахуырст æмæ жанртæм гæсгæ алыхуызон чи сты, ахæм текстæ;

• тексты арæзтмæ хъус даргæйæ, хи хъуыдытæ фысгæ æмæ дзургæ ныхасы хуызы æргом кæнынмæ;

• монологон ныхас (таурæгъ, æрфыст, тæрхон) аразынмæ; диалогон ныхасæй пайда кæнынмæ;

• хи ныхас аразын литературон æвзаджы орфоэпион, лексикон, грамматикон, стилистикон нормæтæм гæсгæ; фысгæ ныхасы пайда кæнын орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæй (нормæтæй);

• дзургæйæ ныхасы этикетон нормæтæм хъус дарын;

• ахуырты рæстæг хи ныхасы хъæд æмæ мидисмæ хъус дарын зонын, хи ныхасы рæдыдтытæ раст кæнынмæ арæхсын; хи арæзт текстытæ редакци кæнын зонын;

• ахуырты (урокты) рæстæг æмгæртты 'хсæн раныхас кæнынмæ арæхсын; арæхсын чысыл доклад кæнæ рефераты мидис раргом кæнынмæ; диспутты æмæ быцæуты архайын зонын, хи хъуыдыйы растдзинад бафидар кæнынмæ арæхсын.

***Предметон фæстиуджытæ сты:***

1) æвзаджы сæйраг функцитæ иртасын; ирон æвзаджы паддзахадон нысаниуæг цæй мидæг ис, æвзаг æмæ адæмы культурæйы бастдзинад цы нысан кæны, мадæлон æвзаджы ахадындзинад адæймаджы царды;

2) ирон æвзаджы наукон бындуртæ; ирон æвзагзонынады хæйттæ æмæ иуæгтæ, сæ бастдзинад;

3) лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ: лингвистикæ æмæ йæ сæйраг хæйттæ; æвзаг æмæ ныхас, дзургæ æмæ фысгæ ныхас; монолог, диалог æмæ сæ хуызтæ; ныхасы уавæр; хуымæтæг ныхасы, наукон, публицистикон, официалон-хъуыддаджы стильтæ; аив литературæйы æвзаг, ныхасы функционалон хуызтæ (таурæгъон, æрфыстон, тæрхон), текст, тексты хуызтæ; æвзаджы сæйраг иуæгтæ, се 'ууæлтæ æмæ хицæндзинæдтæ, ныхасы мидæг сæ пайда кæнын;

4) ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийы нормæтæ зонын, ирон литературон æвзаджы нормæтæ (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион) зонын, ныхасы этикетон нормæтæ зонын, раст сæ пайда кæнын;

5) æвзаджы сæйраг иуæгтæ æмæ грамматикон категоритæ зонын, иртасын сæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæнын;

6) дзырды алыхуызон æвзæрстытæ (фонетикон, морфемикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион) зонын, дзырдбаст æмæ хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст, тексты иумæйаг æвзæрст кæнынмæ арæхсын;

7) лексикон æмæ грамматикон синонимтæ иртасын, хи ныхасы мидæг сæ пайда кæнын зонын;

8) мадæлон æвзаджы эстетикон функцитæ иртасын, аивадон литературон уацмысы текст æвзаргæйæ, ныхасы эстетикон ахуырст иртасын зонын.

***Скъоладзауты арæхстдзинæдтæ (компетенцитæ):***

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Æвзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинад (компетенци)* – зонын мадæлон æвзаджы наукон бындуртæ, ирон литературон æвзаджы нормæтæ; бакусын дзырдуат хъæздыг кæныныл, райсын грамматикон зонындзинæдтæ; æвзаджы иуæгтæн анализ кæнынмæ арæхсын, æвзаджы дзырдуæттæй пайда кæнын зонын.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – ирон æвзаг ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; æвзаджы бастдзинад истори æмæ адæмы культурæимæ зонын, ирон ныхасмы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын

9 къласы ахуырадон программæйы курс аразгæйæ, хъусдард цæуы алыхуызон арæхстдзинæдтæ 5-9 кълæсты ахуырадон программæмæ.

9 къласæн фæлхатгонд цæуынц хицæн грамматикон категоритæ: фонетикæ, лексикæ, дзырдарæзт, морфологи, чиныг кæй нæй, уый тыххæй пайдагонд цæуы ныхасы – тематикон урочытæй. Тексты бындурон фæлхатгонд цæуы грамматикон æрмæг, стæй цæуы тексты концептуалон анализ. Текст ма æххæст кæны хъомыладон хæстæ дæр. Иумæйаг методикæйы скъоладзауты ныхасы рæзтыл куыст фæрæвдздæр кæнынæн амонынц текстимæ баст фæлтæрæнтæй пайда кæнын.

***9 къласы ирон æвзаджы программæйы мидис.***

Вазыгджын хъуыдыйады грамматикон хицæндзинæдтæ хуымæтæг хъуыдыйадæй. Вазыгджын хъуыдыйады классификацийы хуызтæ æмæ сæ принциптæ. Бастдзинады фæрæзтæ вазыгджын хъуыдыйады. Синтаксисон ахастытæ вазыгджын хъуыдйады хæйтты æхсæн. Вазыгджын хъуыдыйад иртасыны фарст ирон æвзагзонынады. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады структурон-семантикон хицæндзинæдтæ. Бастдзинады фæрæзтæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйады. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад иугæнæг ахастытимæ; бæттæгтæ; структурон хицæндзинæдтæ. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад ныхмæвæрды

ахастытимæ; бастдзинады фæрæзтæ, структурон хицæндзинæдтæ. БВХъ дихон ахастытимæ; бастдзинады фæрæзтæ; структурон хицæндзинæдтæ. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ градацион æмæ æрбаиугæнæн ахастытимæ; бастдзинады фæрæзтæ. Домгæвазыгджын хъуыдыйад иртасыны фарст ирон синтаксисы. Домгæвазыгджын хъуыдыйад грамматикон хицæндзинæдтæ. Бастдзинады фæрæзтæ Домгæвазыгджын хъуыдыйады. Домгæвазыгджын хъуыдыйады уæлæмхæст хæйтты дзырдон æмæ хъуыдыйадон бастдзинадимæ. Домгæвазыгджын хъуыдыйады структурон-семантикон классификаци. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады фарст иумæйаг æмæ ирон æвзагзонынады. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад æхгæд æмæ гом структурæимæ; бастдзинады фæрæзтæ. Бирæхайон вазыгджын хъуыдыйад. Вазыгджын синтаксисон конструкцитæ. Период. Вазыгджын синтаксисон æнæхъæн. Дзырдты рæнхъæвæрд хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты. Пунктуаци. Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады. Комкоммæ ныхас. Фæрссаг ныхас. Диалог. Цитатæ. Абзац.

***Сæйраг домæнтæ 9-æм къласы ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм.***

Ахуыргæнинаг курс сахуыр кæныны фæстæ **хъуамæ зона:**

- хуымæтæг хъуыдыйады дих загъды нысанмæ, эмоционалон ахуырстмæ, арæзтмæ гæсгæ;
- иувæрсыг хъуыдыйæдты струкутрон-семантикон хицæндзинæдтæ;
- æнæххæст хъуыдыйæдты структурон-семантикон миниуджытæ;
- хъуыдыйады уæнгтæ иртасыны уавæртæ;
- хуымæтæг хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ;
- вазыгджын хъуыдыйады æмбарынады мидис;
- вазыгджын хъуыдыйæдтæ дих кæныны принциптæ;
- бастдзинады фæрæзтæ вазыгджын хъуыдыйады;
- синтаксисон ахастытæ вазыгджын хъуыдыйады;
- вазыгджын хъуыдыйæдты структурон-семантикон хуызтæ;вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ;

**хъуамæ арæхса**:

- иувæрсыг хъуыдыйады равзарынмæ;
- æнæххæст хъуыдыйад равзарынмæ;

- вазыгджын хъуыдыйады хуыз сбæрæг кæнынмæ;
- вазыгджын хъуыдыйадæн синтаксисон анализ скæнынмæ;
- хуымæтæг вазыгджынгонд æмæ вазыгджын хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ раст сæвæрынмæ;
- алыхуызон дзырдуæттæй раст пайда кæнынмæ;
- бæлвырд темæйыл доклад кæнæ хъусынгæнинаг цæттæ кæнынмæ;

- теоретикон фæрстытыл дзургæйæ, хи хъуыдытæ зæгъынмæ;
- дисциплинæйы бæлвырд темæйæн реферат скæнынмæ, зонадон литературæйæ пайда кæнынмæ.

**Ахуыры рæстæджы пайдагонд цæудзысты** репродуктивон и продуктивон ахуыры методтæ:

- информацион технологи;
- цæстуынгæ æрмæг,
- ИКТ,
- уацмыстæм иллюстраци,
- амонæн литература.

**Æрмæг куыд æмбæрстгонд æрцыд, уый сбæрæг гæнæны хуызтæ:**
*тест саразын; фысгæ, дзургæ дзуæппытæ; нывæцæн, изложении.*

***Контролы формæтæ***

- индивидуалон
- къордæй
- фронталон

***Контролы хуызтæ***

- развæлгъау
- æрвылбон
- тематикон
- контролон

**Урочыты хуызтæ:**

- урок-ног æрмæг амынд
- урок-практикон куыст

**Къæлиндарон-тематикон пълан ирон æвзаджы курсæн 9-æм къласы**

| № | Сæргонд | Сахат | Бон | Урочы темæ | Фæстиуджытæ |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Дзырдбаст æмæ хъуыдыйады тыххæй цы æрмæг рацыдысты, уый рафæлхат кæнын. | 1 | 05.09.2023 | Дзырдбаст. | ***Зонын:*** дзырдбæстыты æмæ хъуыдыйæдты синтаксисон анали кæнын. ***Арæхсын:*** тексты иумæйаг æвзæрст бацамонынмæ, пайда сæ кæнынмæ. |
| 2. | | 1 | 07.09.2023 | Хуымæтæг хъуыдыйад. | |
| 3. | | 1 | 12.09.2023 | Хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ, бавæргæ дзырдтимæ æмæ æвастхъæртимæ. | |
| 4. | | 1 | 14.09.2023 | Бæттæгтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. | |
| 5. | | 1 | 19.09.2023 | Вазыгджын хъуыдыйад. | |
| 6. | **К/К** | 1 | 21.09.2023 | **Бацæуæн контролон диктант грамматикон хæстимæ.** | ***Арæхсын:*** Растфыссынады æгъдæуттæ бæрæг кæнын. |
| 7. | Вазыгджын хъуыдыйад. | 1 | 26.09.2023 | Вазыгджын хъуыдыйады æмбарынад æмæ йæ сæйрагдæр хуызтæ. | ***Зонын:*** Вазыгджын хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсын. |
| 8. | | 1 | 28.09.2023 | Вазыгджын хъуыдыйады æмбарынад æмæ сæ сæйрагдæр хуызтæ. | |
| 9. | Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ. | 1 | 03.10.2023 | Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ. Æрхæцæн нысæнттæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | ***Зонын:*** Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсын; æрхæцæн нысæнттæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты æхсæн раст æвæрын. |
| 10. | | 1 | 05.10.2023 | Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ. | |
| 11. | | 1 | 10.10.2023 | Æрхæцæн нысæнттæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 12. | | 1 | 12.10.2023 | Ӕрхæцæн нысæнттæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | |
| 13. | | 1 | 17.10.2023 | Ӕрхæцæн нысæнттæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | |
| 14. | **К/К** | | 19.10.2023 | **Тест.** | Сбæрæг кæнын зонындзинæдтæ. |
| 15. | Домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ. | 1 | 24.10.2023 | Сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | ***Зонын:*** домгæвазыгджын хъуыдыйад, иртæстгод уæнгтæ кæм уа, ахæм синонимон хуымæтæг хъуыдыйадæй ивын.<br>***Арæхсын:*** дыууæ хуымæтæг хъуыдыйадæй, бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдтæй, домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ аразынмæ; ныхасы æмæ фысгæйæ пайда кæнын домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæй. |
| 16. | | 1 | 26.10.2023 | Домгæвазыгджын хъуыдыйады сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 17. | | 1 | | Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | |
| 18. | | 1 | | Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдты. | |
| 19. | | 1 | | Уæлæмхæст хъудыйады бынат. Ӕрхæцæн нысæнттæ домгæвазыгджын хъуыдыйады. | |
| 20. | | 1 | | Ӕрхæцæн нысæнттæ домгæвазыгджын хъуыдыйады. | |
| 21. | | 1 | | Уæлæмхæст хъудыйæдты хуызтæ. Ӕмбарынгæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 22. | | 1 | | Ӕмбарынгæнæн уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 23. | | 1 | | Бæрæггæнæны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 24. | | 1 | | Фадатон уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. Бынаты уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 25. | | 1 | | Бынаты уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 26. | | 1 | | Афоны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 27. | | 1 | | Архайды хуызы уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 28. | | 1 | | Æфсоны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 29. | | 1 | | Æфсоны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 30. | | 1 | | Нысаны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 31. | | 1 | | Нысаны уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 32. | | 1 | | Бадзырдон уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 33. | | 1 | | Бадзырдон уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | |
| 34. | **К/К** | 1 | | **Афæдзы æмбисы административон контролон диктант.** | Сбæрæг кæнын зонындзинæдтæ. |
| 35. | | 1 | | Ныхмæвæрды уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. | **Зонын:** домгæвазыгджын хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст. **Арæхсын:** домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ алыхуызон уæлæмхæст хæйттимæ аразынынмæ. |
| 36. | | 1 | | Домгæвазыгджын хъуыдыйад къорд уæлæмхæст хъуыдыйадимæ. | |
| 37. | | 1 | | Домгæвазыгджын хъуыдыйад къорд уæлæмхæст хъуыдыйадимæ. | |
| 38. | | 1 | | Къорд уæлæмхæст хъуыдыйæдтæй арæзт домгæвазыгджын хъуыдыйад. | |
| 39. | | 1 | | Къорд уæлæмхæст хъуыдыйæдтæй арæзт домгæвазыгджын хъуыдыйад. | |
| 40. | **К/К** | 1 | | **Тест.** | Сбæрæг кæнын зонындзинæдтæ. |
| 41. | Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ. | 1 | | Иумæйаг æмбарынад. Къæдзыг æмæ стъæлф къæдзыгимæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | ***Зонын:*** æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ æвзарын; синонимон бæттæгджын æмæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæй пайда кæнын. |
| 42. | | 1 | | Къæдзыг æмæ стъæлф къæдзыгимæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | |
| 43. | | 1 | | Дыстъæлф æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 44. | | 1 | | Дыстъæлф æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | |
| 45. | | 1 | | Тире æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | |
| 46. | | 1 | | Тире æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады. | |
| 47. | | 1 | | Вазыгджын хъуыдыйæдтæ бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинады бæттæгтимæ æмæ æнæ бæттæгтæй. | |
| 48. | | 1 | | Вазыгджын хъуыдыйæдтæ бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинады бæттæгтимæ æмæ æнæ бæттæгтæй. | |
| 49. | | 1 | | Вазыгджын хъуыдыйæдтæ бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинады бæттæгтимæ æмæ æнæ бæттæгтæй. | |
| 50. | **К/К** | 1 | | **Контролон диктант æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæй.** | Сбæрæг кæнын зонындзинæдтæ. |
| 51. | Практикон стилистикæ. | 1 | | Иумæйаг æмбарынад стиль, стилистикæ æмæ практикон стилистикæйы тыххæй. Æвзаджы стильтæ. | ***Зонын:*** Стильты сæйрагдæр хицæндзинæдтæ; литературон æвзаджы домæнтæ чи халы, уыцы рæдыдтæ раст кæнын дзырдбæстыты, хъуыдыйæдты. ***Арæхсын:*** этикон ныхасæй пайда кæнын. Сæ стилистикон ахуырст алыхуызон кæмæн у, ахæм тексттæ аразын. |
| 52. | | 1 | | Æвзаджы стильтæ. | |
| 53. | | 1 | | Æвзаджы стильтæ. | |
| 54. | | 1 | | Ныхасы культурæ. | |
| 55. | | 1 | | Ныхасы культурæ. | |
| 56. | | 1 | | Ныхасы культурæ. | |
| 57. | **С/К** | | | **Изложени.** | **Арæхсын,** текст аразгæйæ, алыхуызон синтаксисон конституцитæй пайда кæнын зонын. Ныхасы рæдыдтытыл куыст. |
| 58. | Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ. | 1 | | Æвзаджы нысаниуæг. | ***Арæхсын:*** текст фыссын æмæ грамматикон хæстæ æххæст кæнын. |
| 59. | | 1 | | Æвзаджы конд. | |
| 60. | | 1 | | Æвзаджы равзæрд æмæ рæзт. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 61. | | 1 | | Æвзæгты хæстæгдзинад. Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзагтæы æхсæн. | |
| 62. | | 1 | | Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзагтæы æхсæн. | |
| 63. | | 1 | | Литературон æвзаг æмæ диалекттæ. | |
| 64. | | 1 | | Литературон æвзаг æмæ диалекттæ. | |
| 65. | **К/К** | 1 | | **Рацыд æрмæгæй афæдзы кæрон контролон диктант.** | ***Арæхсын:*** текст фыссын æмæ грамматикон хæстæ æххæст кæнын. |
| 66. | | 1 | | Рæдыдтыл куыст. | |
| 67. | **С/К** | 1 | | **Нывæцæн «Мæлæн дын нæй, мадæлон æвзаг».** | ***Арæхсын:*** текст фыссын æмæ грамматикон хæстæ æххæст кæнын. |
| 68. | | 1 | | Рæдыдтыл куыст. | |

### Тематикон пълан ирон æвзаджы курсæн 9-æм къласы

| № п/п | Темæ | Сахæтты нымæц | К/к нымæц | Контролон куыстытæ | | Ныхасы райрæзт | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Диктант | Тест | Изложени | Нывæцæн |
| 1. | Дзырдбаст æмæ хъуыдыйады тыххæй цы æрмæг рацыдысты, уый рафæлхат кæнын | 5 | | | | | |
| 2. | Бацæуæн контролон диктант грамматикон хæстимæ | 1 | | | | | |
| 3. | Вазыгджын хъуыдыйад | 2 | | | | | |
| 4. | Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ | 5 | | | 1 | | |
| 5. | Домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ | 24 | | | | | |
| 6. | Афæдзы æмбисы административон контролон диктант. | 1 | | | 1 | | |
| 7. | Ænæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ. | 9 | | 1 | | | |
| 8. | Практикон стилистикæ | 6 | | | | 1 | |
| 9. | Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ | 7 | | | | | |
| 10. | Рацыд æрмæгæй афæдзы кæрон контролон диктант. | 1 | | | | | |
| 11. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | | | | | |
| 12. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | | | | | 1 |